



Seksyon: Evalyasyon Finansye

Sijè: Kalkil Asistans Finansye a

Tab Matyè

I.	Objektif	1
II.	Definisyon.....	2
III.	Pwosedi.....	2
	A. Kritè Kalifikasyon Jeneral	2
	B. Kalifikasyon Jackson Prime	3
	C. Kalifikasyon Asistans Finansye Jackson.....	5
IV.	Referans.....	6

1. Objektif

Yo pral defini Règleman Konsènan Asistans Finansyè a lè yo pral bay asistans finansye a.

Règleman Public Health Trust ak Jackson Eligibility Management se pou fè yon Evalyasyon Finansye bay tout nenpòt pasyan oswa moun ki responsab swen pasyan an k ap chèche asistans finansye/solidarite.

Pasyan yo kapab enskri nan youn nan pwogram sa yo:

- Jackson Prime
- Asistans Finansye Jackson

Pasyan an oswa moun ki responsab lan dwe kapab peye pou swen medikal pasyan an.

Kapasite pou peye a yo defini lè gras ak Direktiv Povrete Federal (Federal Poverty Guidelines, FPG). Gouvènman Federal lan mete machaswiv yo ajou chak ane. Kapasite pou peye yo defini li tou lè yo fè evalyasyon byen ansanm ak rezilta pwosè y ap tann pou reklamasyon donmaj yo fè lòt moun.

Si yo mande, Jackson Health System (JHS) lan pral detèmine si pasyan an oswa moun ki responsab lan gen posibilite pou peye. Egzamen sa a, oswa tès depistaj, pou benefisye asistans finansye gratis.

Asistans Finansye a p ap disponib lè yon pasyan oswa yon moun ki responsab chwazi peye nan to fòfè peman otomatik lan ki sèlman aplike lè peman an fèt avan yo bay sèvis lan oswa avan egzeyat lan.

Yo p ap bay asistans finansye an pou swen medikal sof si li nesèsè sou plan medikal.

Sa k rete nan Règleman konsènan Asistans Finansye a bay plis enfòmasyon sou kijan yon pasyan oswa ki responsab pou yon pasyan kapab mande asistans finansye a. Li dekri nan ki moman yo pral konsidere yon pasyan elijib pou benefisye asistans finansye. Anplis, li define kantite lajan asistans finansye yo bay pou respekte kritè règleman sa a.



Seksyon: Evalyasyon Finansye

Sijè: Kalkil Asistans Finansye a

II. Definisyon

AGB	Jeneralman yo itilize Montan yo bay Fakti yo pou detèmine montan asistans finansye kopeman. JHS pral fè yon analiz referans ki pral gen ladan li tout anyen reklamasyon yo te peye pandan 12 mwa ki sot pase la. Sa gen ladan li Medicare, Medicaid Commercial ak plan swen kontwole (tankou koasirans, koeman ak dediktib pasyan an). Yo kalkile AGB an lè yo divize total lan oswa peman yo pa kantite frè total yo touche a. Apresa yo multipliyè pousantaj sa a pa kantite frè total pou chak rankont ak pasyan an pou rive jwenn AGB a pou chak rankont. Apresa yo itilize AGB pou chak rankont lan pou kreye yon montan kopeman ki pi ba pase AGB reyèl lan.
Asistans Finansye Jackson	Yo bay asistans finansye ak pasyan ki pa enskri nan pwogram Jackson Prime yo epi ki reponn ak machaswiv espesifik asosyasyon charite an. Yo bay pasyan ki te resevwa sèvis yo.
FPG	Machaswiv Federal sou Povrete. Mezi sou revni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal delivre chak ane. Yo itilize nivo povrete federal yo pou detèmine kalifikasyon pou kèk pwogram ak avantaj, tankou ekonomi sou asirans sante ki gen sou teren an, ansanm ak pwoteksyon asirans Medicaid ak CHIP.
Jackson Prime	Yon pwogram asistans finansye JHS kreye pou reponn ak bezwen medikal rezidan Konte Miami Dade yo ki gen ladan li pwotokòl jesyon swen entegre yo. Jeneralman yo fè yon pre evalyasyon finansye pou pasyan yo avan menm yo bay yo epi resevwa yon kat Jackson.
JHS	Jackson Health System
Medicaid	Yon pwogram konjwenn federal ak eta ki ede kouvri depans medikal pou kèk moun ki gen revni ak resous yo limite. Medicaid bay avantaj tou nòmalman Medicare pa garanti yo, tankou swen nan mezon retrèt yo ansanm ak sèvis swen pèsonèl yo.
Sistèm Chaite pa Defo (Presumptive Charity System)	Yon zouti lojisyèl otomatik ki predi kantite chans yon pasyan genyen pou li kalifye pou resevwa Swen Solidarite selon sous done piblik ki disponib yo. Zouti an bay estimasyon sou estati sosyoekonomik reyèl pasyan an, ansanm ak revni epi gwosè fanmi pasyan an.

III. Pwosedi

A. Kritè Kalifikasyon Jeneral

1. JHS kapab fè verifikasyon kredi pou defini kapasite pasyan an oswa moun responsab lan genyen pou peye. JHS pral rasanble enfòmasyon sou revni pasyan an oswa moun responsab lan. Rezilta a pral defini kalifikasyon yo pou benefisye asistans finansye a, montan yo pral resevwa antanke rabè ansanm ak montan yo pral mande pou yo peye.
2. Si yo mande JHS pral bay konsèy sou asistans finansye, san lòt frè adisyonèl, avan oswa aprè pasyan an resevwa sèvis yo.



Seksyon: Evalyasyon Finansye

Sijè: Kalkil Asistans Finansye a

3. Règleman Konsènan Asistans Finansyè an aplikab sèlman ak sèvis JHS bay nan etablisman li yo ansanm ak sèvis doktè JHS anlwaye yo bay yo.
4. Pasyan oswa moun ki responsab yo ki kalifye pou benefisye asistans finansye a (se pa Jackson Prime) epi ki pa abite nan Konte Miami Dade yo pral apwouve yo sèlman nan chak dat sèvis.

B. Kalifikasyon Jackson Prime

1. Pasyan ki gen anpil chans pou kalifye pou rabè ki lye ak charite yo, Jackson Prime, epi ki abite nan Konte Miami Dade pral oblije konplete epi siyen aplikasyon Pwogram Sibvansyon ak Jackson Prime lan epi soumèt papye ki pwouve yo elijib.
2. Yo pral analize pasyan yo pou konnen si yo elijib pou Medicaid ansanm ak lòt pwogram gouvènman yo nan objektif pou patisipe nan pwogram asistans finansye Jackson Prime.
3. Pasyan yo dwe fini ansanm ak pwosesis aplikasyon an anvan yo fè evalyasyon pou yo benefisye Asistans Finansye a. Tout pasyan ki fè entèvyou pou benefisye swen Jackson Prime yo oblije siyen yon Deklarasyon Divilgasyon ki gen ladan li kloz fo temwanyaj anvan yo kòmanse ansanm ak evalyasyon an. Deklarasyon Divilgasyon an disponib sou <http://www.jacksonhealth.org/patients-financial-assistance.asp>.
4. Si yo defini yon avantaj Jackson Prime, klasifikasyon evalyasyon finansye a pral aplikab pandan yon lane, sof si avantaj lan se yon sibvansyon oswa yon klasifikasyon sanzabri (konsilte règleman evalyasyon finansye ki lye yo # 908, 920, & 921).
5. Kèk klasifikasyon kapab aplike nan yon fason retwoaktif nan kont kliyan JHS ki gen yon balans li poko peye pandan 240 jou avan dat afektasyon inisyal Jackson Prime lan.
6. Kla ki pase peryòd 240 jou retwoaktif lan yon Administratè Adjwen, Vis Prezidan oswa yon moun yo nonmen dwe apwouve li.
7. Pasyan aktyèlman la a konpayi asirans prive finansye yo, men resevwa sèvis antanke moun ki fè yon peman ootomatik avan dat asirans lan vin anplas, kapab mande Administratè Adjwen an, Vis Prezidan an oswa moun yo nonmen an pou yo fè revizyon dosye yo an pou gade si yo kapab resevwa yon rabè Jackson Prime. Yo defini kritè kalifikasyon pasyan an fonksyon:
 - a. Konte I ap viv ansanm ak sitwayènte/estati imigrasyon
 - b. Gwosè fanmi pasyan an
 - c. Kantite lajan fanmi an ap touche nan revni brit ki an relasyon ansanm ak Machaswiv Federal sou Povrete yo.
8. Yo etabli yon klasifikasyon selon kòd plan asirans an fonksyon yon barèm frè k ap varye. Kopeman Jackson Prime selon revni brit epi gen limit jiska 300% Machaswiv Federal sou Povrete.
9. Pou chak rankont se pasyan an ki responsab pou peye frè ki aplikab yo/kopeman yo.
10. Yo pa pral fè pasyan ki elijib yo peye plis pase montan (AGB) yo konn abitye peye pou swen ijans oswa lòt swen ki nesèsè sou plan medikal yo.



Seksyon: Evalyasyon Finansye

Sijè: Kalkil Asistans Finansye a

11. JHS pral bay yon deklarasyon alekri bay pasyan yo oswa moun ki responsab yo lè yo kalifye pou resevwa Asistans Finansye.
12. Resous pou Pasyan an:
Yo bay resous sa yo pou ede pasyan an konprann ki papye nesèsè pou li bay pou fè evalyasyon finansye an ansanm ak kritè lòt sous finansman ki posib yo:
 - a. Lèt randevou pou pasyan an fè evalyasyon an pral di li ki papye l ap gen bezwen pou sa. Nan kèk ka ki ra anpil, yo kapab mande kòt papye ankò.
 - b. Bwochi PHT “Asistans Finansye pou benefisyè Swen Medikal” (Financial Assistance for Medical Care) disponib nan tout zòn anrejistremant yo ansanm ak resepsyon yo pou pasyan an ka konsilte. Tiliv la disponib tou anliy sou: <http://www.jacksonhealth.org/patients-financial-assistance.asp>.
 - c. Klasifikasyon finansye an te etabli kopeman ki aplikab yo, jan sa te endike nan Lis Pri Jackson Health System la. Lis pri yo disponib tou anliy sou: <http://www.jacksonhealth.org/patients-financial-assistance.asp>.
 - d. Tout fòm yo itilize pou fè Evalyasyon Finansye pou pasyan yo disponib anliy sou <http://www.jacksonhealth.org/patients-financial-assistance.asp>
 - e. Aplikasyon ou ka telechaje pou pwogram Jackson Prime lan disponib anliy sou <http://www.jacksonhealth.org/patients-financial-assistance.asp>
13. Reyevalyasyon
 - a. Si revni, asirans, oswa gwosè fanmi pasyan an chanje nan yon fason ki enpòtan pandan peryòd evalyasyon anyèl lan, pandan kat (4) semèn youn dèyè lòt oswa plis, se pasyan an ki pou enfòmè Depatman Evalyasyon Jackson Prime lan pandan l ap pran yon randevou pou yon lòt evalyasyon.
 - b. Pasyan yo kapab mande yon lòt evalyasyon akòz nenpòt chanjman ki genyen nan estati sa yo ki anba la:
 - i. Revni brit fanmi an
 - ii. Chanjman ki genyen nan kantite depandan yo
 - iii. Estati Rezidans
 - c. Nouvo klasifikasyon Jackson Prime yo pral aplike pou lòt rankont yo sèlman. Kidonk, fakti yo prezante aprè yo fin defini avantaj inisyèl lan, men avan nouvo avantaj Jackson Prime lan, yo dwe fè rabè selon klasifikasyon inisyèl pasyan an.
 - d. Tout enfòmasyon ak moun ki enplike nan pwosesis evalyasyon an yo pa pral ni deklare ni refere li bay USCIS oswa bay nenpòt lòt òganis ki la pou mete lòd oswa ladwàn.
14. Apèl
 - a. Pasyan yo gendwa konteste evalyasyon yo an nan yon delè 60 sivil aprè dat yo resevwa evalyasyon finansye yo an. Fòm Kontestasyon (Apèl) lan disponib sou <http://www.jacksonhealth.org/patients-financial-assistance.asp>.



Seksyon: Evalyasyon Finansye

Sijè: Kalkil Asistans Finansye a

15. Renouvèlman

- a. Pasyan yo kapab aplike pou renouvèlman avantaj Jackson Prime yo pandan y ap fè yon apèl sèvis depo pretorize oswa pandan y ap planifye yon randevou evalyasyon finansye. Yo kapab planifye randevou yo atravè liy telefòn santral lan. Dokiman y ap bay pou renouvèlman yo fèt lan dwe ajou. Yon nouvo aplikasyon Jackson Prime ansanm ak fòm aplikab yo dwe ranpli epi siyen nan moman y ap renouvle avantaj yo.

C. Kalifikasyon Asistans Finansye Jackson

1. Yon pasyan oswa moun ki responsab lan kapab mande asistans finansye pou nenpòt dèb akimile ki depase \$100 jiska 240 jou aprè premye deklarasyon fakti aprè egzeyat lan. Li gen ladan li balans kont yo aprè peman asirans lan. Yo itilize kritè sa a nan moman JHS ap analize demann lan:
 - a. Pasyan oswa moun ki responsab la kapab benefisye yon rabè 100% si li respekte kondisyon sa yo:
 - i. Pasyan oswa moun ki responsab la gen yon revni total pou anmi an ki pi ba pase oswa egal a 300% FPG a (selon machaswiv federal sou povrete ki plis resan); oswa
 - ii. Pasyan oswa moun ki responsab la gen yon gwo montan li dwe ki depase 25% revni anyèl fanmi a ki 4 fwa pi ba pase FPG a pou yon fanmi ki gen kat (4) moun.
 - iii. Yo pa pral fè pasyan ki elijib yo peye plis pase montan (AGB) yo konn abitye peye pou swen ijans oswa lòt swen ki nesèsè sou plan medikal yo.
2. JHS kapab itilize yon pwosesis pou apwouve asistans finansye pou pasyan yo oswa moun ki reponsab yo sou kont ki respekte kritè sa yo:
 - a. Pasyan, ki elijib pou pwogram FPL ki kalifye yo tankou Medicaid, ak lòt pwogram gouvènman esponsorize pou moun ki gen revni ki fèb, yo konsidere tankou moun ki pòv yo. Sepandan, pasyan sa yo elijib pou resevwa swen byenveyans lè pwogram yo pa fè peman pou sèvis yo. Balans kont pasyan yo ki gen rapò ak depans ki pa ranbouse yo elijib pou charite.

Yo konsidere yo antanke elijib frè ki gen rapò ak eleman sa yo:

 - Avantaj ki konsome deja
 - b. Pasyan ki mouri epi okenn deklarasyon pa te fèt nan tribinal konte kote pasyan an te rete a, apre yon (1) lane aprè lanmò a.
 - c. Pasyan ki te apwouve pou kouvèti asirans pwogram pou moun ki Viktim Zak Kriminèl.
3. Charite ki fèt sou pwogram lojisyèl depistaj elektwonik aktyèl
 - a. JHS rekonèt yon pati nan popilasyon an pa asire oswa pa byen asire pa ka patisipe nan pwosesis tradisyonèl demann asistans finansye a. Si enfòmasyon yo mande yo se pa pasyan an ki bay yo, JHS itilize yon mwayen pou fè tès otomatik ki bay founisè ekstèn nou an pou li evalye pasyan yo selon kritè pou bezwen finansye. Pwosesis depistaj sa itilize done anrejistreman piblik yo epi ki genyen analiz revni yo, gwosè fanmi an, resous



Seksyon: Evalyasyon Finansye

Sijè: Kalkil Asistans Finansye a

fanmi an ak nivo richès yo. Yo te kalkile li apatide analiz pasyan pandan l ap resevwa swen gratis gras ak pwosesis demann tradisyonèl JHS la.

- b. Si yon pasyan pa reponn ak kondisyon yo mande yo sou baz enfòmasyon yo bay modèl depistaj segondè an, pasyan an kapab toujou bay enfòmasyon yo mande yo epi konsidere yo selon aplikasyon pwosesis asistans tradisyonèl la.
- c. Pasyan yo ki te èdi tout afè yo dwe tou verifye nan sistèm otomatik la pou yon evantyèl radyasyon balans yo an. Ajans rekouvremant k ap travay sou kont yo pou yo kapab kominike depo a. Kominikasyon ak JHS pral deklannche analiz òganis Charite pa rapò ak Zouti Lojisyèl Analiz Elektwonik Kouran epi ki pa limite ak balans \$5,000 ak plis sou kont yo.
- d. Teknoloji enfòmatis la pral devlope avan afektasyon dèt ki pa peye yo apre yo te fin itilize tout lòt sous kalifikasyon ak peman yo. Sa pèmèt JHS verifye tout pasyan ki pa gen asirans yo (tankou pasyan ki pa nan zòn sèvis Miami-Dade la), ak balans \$5,000 oswa pi plis pou benefisye asistans finansye avan ou reyalize tout aksyon rekouvremant ekstrawòdinè yo. Done egzamen elektwonik lan te bay sou kalifikasyon an pral pèmèt yo bay yon prèv valab sou bezwen finansye an selon règleman sa a, tankou nan ka kote pasyan pa kapab bay yon dokiman.
- e. Lè yo itilize enskripsyon elektwonik lan tankou baz elijibilite a, rabè pwoteksyonw swen gratis ki pi wo a ki pral aplike pou sèvis elijib yo pou dat sèvis retwoaktif yo sèlman. JHS pa oblije enfòmasyon pasyan an sou desizyon swen gratis yo.

IV. Referans

Pwosedi politik sa te eksplike nan Politik Evalyasyon Finansye nimewo 750 Pwosedi pou Kalkile ak Jere Asistans Finansye an.

Moun ki Responsab lan: Direktè Jeneral Aksè Pasyan
Sik Revni

Direktè Jeneral Biwo Komèsyal Sik Revni

Komite Revizyon (yo): Pa aplikab

Otorizasyon: Vis Prezidan Finans